



## AVI KONSÈNAN PRATIK KONFIDANSYALITE

AVI SAA DEKRI KI JAN YO KA ITILIZE ENFÒMASYON SOU OU EPI DEWALE AK KI JAN OU KAPAB GEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA A . TANPRI PRAN SAN OU POU BYEN REVIZE LI.

---

### ITILIZASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON SOU SANTE OU KI PWOTEJE

Enfòmasyon medikal pwoteje yo gen ladan yo enfòmasyon demografik ak enfòmasyon medikal ki konsène sante fizik oswa mantal pase, prezan ak fiti yon moun. Enfòmasyon demografik yo kapab gen ladan yo non ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, nimewo sekirite sosyal ou ak nenpòt enfòmasyon ki pèmèt idantifye ou kòm yon moun apa. Enfòmasyon medikal pwoteje yo gen ladan enfòmasyon patikilye ki idantifye yon moun oswa enfòmasyon yo kapab itilize pou idantifye yon moun.

Enfòmasyon medikal pwoteje yo se enfòmasyon medikal yon pwofesyonèl swen sante, yon plan sante, yon patwon, oswa yon sant enfòmasyon swen sante kreye oswa resevwa. Depatman Sante a kapab ajè kòm chak kalite antrepriz pi wo yo. Depatman Sante a enfòmasyon medikal sa yo plizyè fason pandan l ap fè aktivite nòmal li.

Depatman Sante a kapab itilize oswa pataje enfòmasyon medikal pwoteje ou yo nan kad tretman, peyman ak operasyon swen sante. *Pwofesyonèl swen sante yo itilize enfòmasyon medikal nan klinik oswa lopital yo pou pran swen ou. Nou kapab pataje enfòmasyon medikal pwoteje ou yo avèk yon lòt pwofesyonèl swen sante nan kad tretman ou avèk oswa san konsantman ou. Depatman Sante a kapab itilize oswa pataje enfòmasyon medikal ou nan kad jesyon dosye ou ak nan kad sèvis. Klinik oswa lopital Depatman Sante a kapab voye enfòmasyon medikal yo bay konpayi asirans, Medicaid oswa ajans kominotè pou yo peye pou sèvis ou resevwa.*

Sèten manm pèsònèl depatman an kapab itilize enfòmasyon ou yo pou aktivite swen sante depatman an. Depatman an kapab voye rapèl konsènan randevou ba ou tou, enfòmasyon konsènan opsyon tretman oswa lòt avantaj ak sèvis sante.

Nou kapab pataje sèten enfòmasyon medikal pwoteje san otorizasyon ekri ou jan lalwa pèmèt sa. Pami sikonstans sa yo genyen:

- Repòte vyolans sou timoun, adilt oswa moun ki gen andikap;
- Ankèt konsènan timoun ki pèdi;
- Ankèt ak odit entèn divizyon ak biwo depatman an ap fè;
- Ankèt ak odit Enspektè Jeneral ak Oditè Jeneral eta a, ak Biwo lejislatif Analiz Politik Pwogram ak Responsabilite Gouvènmantal la ap fè;
- Nan kad sante piblik, tankou estatistik vital, rapò konsènan maladi, siveyans sante piblik, ankèt, entèvansyon, ak règleman pwofesyonèl sante yo;
- Ankèt medsen lejis distri a ap fè;
- Rechèch depatman an apwouve;
- Lòd tribinal, manda, oswa asiyasyon;
- Nan kad aplikasyon lalwa, ankèt administratif, ak pwosè jidisyè ak administratif.

Lòt fason depatman an ap itilize ak pataje enfòmasyon medikal pwoteje ou yo ap bezwen otorizasyon ekri ou. Lòt itilizasyon ak pataj sa yo se kapab pou maketing ak rechèch, sèten itilizasyon ak pataj nòt sikoterapet, ak vann enfòmasyon medikal pwoteje pou peye Depatman Sante a.

Otorizasyon sa a ap gen yon dat ekspirasyon ou kapab ekri pou revoke.

#### DWA PÈSONÈL

Ou gen dwa pou mande Depatman Sante a limite itilizasyon ak pataj enfòmasyon medikal pwoteje ou yo a tretman, peyman, oswa operasyon swen sante. Ou kapab limite pataj la a moun ki enplike nan swen ou sèlman tou. Depatman an pa oblije dakò avèk okenn limit.

Ou gen dwa pou asire w enfòmasyon ou yo ap rete konfidansyèl. Depatman Sante a ap fè kontak avèk ou fason ak nan adrès oswa nimewo telefòn ou chwazi a. Nou kapab mande pou ou ekri pou fè demand ou an. Si ou responsab pou peye pou sèvis yo, ou kapab bay yon lòt adrès ki pa adrès rezidans ou kote ou kapab resevwa kopi ak kote nou kapab kontakte ou.

Ou gen dwa pou kontwòle ak resevwa yon kopi enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje Depatman Sante an konsève pandan 30 jou aprè Depatman an fin resevwa demann pou ou jwenn yon kopi enfòmasyon sou sante ou an. Ou dwe ranpli fòm Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon Konfidansyèl Depatman an epi soumèt demann lan bay depatman sante konte a oswa bay biwo Sèvis Medikal Timoun yo. Si genyen reta pou jwenn enfòmasyon an, yo pral ba ou rezon ki fè genyen reta a epi prevwa kilè ou pral resevwa enfòmasyon ou yo.

N ap sipèvize enspeksyon ou a w ap fè sou enfòmasyon nan lè ak kote nou fikse. Nou kapab pa ba ou aksè selon sa lalwa di.

Si ou chwazi resevwa yon kopi enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje, ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon an nan fòm oswa fòm a ou mande li an. Si depatman an pa kapab bay li nan fòm ak fòm a ou mande a, yo pral ba ou li sou papye oswa yon lòt fòm ak fòm a ni ou menm ak Depatman an aksepte.

Depatman an pa kapab ba ou aksè nan nòt sikoterapi yo oswa nan kèk nan enfòmasyon yo te itilize nan yon pwosedi jiridik. Selon lalwa, yo konsève achiv yo pandan yon peryòd tan detèmine. Si demann ou pou jwenn enfòmasyon yo depase kantite tan sa a Depatman an oblije konsève dosye a, sa ka rive enfòmasyon an pa disponib ankò.

Si nou pa ba ou aksè, ou gen dwa pou mande pou yon pwofesyonèl swen sante lisansye ki pa t enplike nan desizyon pou refize w aksè a gadè enfòmasyon yo. Se depatman an k ap chwazi pwofesyonèl swen sante sa a.

Ou gen dwa pou korije enfòmasyon medikal pwoteje ou yo. Ou dwe ekri pou fè demand koreksyon enfòmasyon medikal pwoteje ou yo epi bay rezon ki sipòte demand koreksyon ou an. Depatman Sante a kapab rejte demand ou an nèt oswa an pati, si li twouve:

- Se pa t depatman an ki te kreye enfòmasyon medikal pwoteje yo.
- Se pa enfòmasyon medikal pwoteje.
- Yo pa disponib pou enspeksyon ou dapre lalwa.
- Yo pa kòrèk epi yo pa konplè.

Si depatman an aksepte koreksyon w lan, l ap fè koreksyon an epi l ap enfòmè ou ak lòt moun ki dwe enfòmè de koreksyon an. Si nou bay demand ou an refi, ou kapab voye yon lèt pou eksplike an detay rezon ki fè ou pa dakò ak desizyon an. Depatman an kapab reponn lèt ou an alekri. Ou kapab fè yon plent tou, jan sa dekri pi ba a nan seksyon ki titre Plent lan.

Ou gen dwa pou resevwa yon rezime sèten pataj enfòmasyon Depatman Sante a te petèt fè konsènan enfòmasyon medikal pwoteje ou yo. Rezime sa a p ap gen ladan l:

- Enfòmasyon nou pataje avè w;
- Enfòmasyon nou pataje ak moun ki enplike nan swen ou;
- Enfòmasyon ou te otorize nou pataje;
- Enfòmasyon nou pataje pou tretman, peyman, ak aktivite swen sante;
- Enfòmasyon nou pataje pou rezon sante piblik;
- Enfòmasyon nou pataje pou reglemantasyon pwofesyonèl sante;
- Enfòmasyon nou pataje pou rapòte vyolans sou timoun, adilt, oswa moun ki gen andikap;
- Enfòmasyon nou te pataje avan 14 avril 2003

Rezime sa a ap gen ladan l:

- Enfòmasyon nou pataje pou rechèch, apa sa ou te ekri pou otorize.
- Enfòmasyon nou pataje pou reponn lòd tribinal, asiyasyon oswa manda.

Ou kapab mande yon rezime pou yon peryòd 6 mwa pou pi plis soti dat ou fè demand lan.

Si ou te resevwa Avi konsènan Pratik konfidansyalite sa a elektwonikman, ou gen dwa pou ou gen yon kopi sou demand.

Depatman Sante a kapab ekri oswa rele ou pou raple ou randevou swen sante w.

## PATISIPASYON NAN REZO ECHANJ ENFÒMASYON SOU SANTE

Aksè nan enfòmasyon sou antesedan ak swen medikal ou yo enpòtan anpil pou asire ou resevwa swen ki genyen bonjan kalite epi bay pwofesyonèl swen sante ou an yon apès konplè sou tout eta sante ou. Sa kapab rann pwofesyonèl swen sante ou an pran pi bon desizyon sou tretman ou. Enfòmasyon an kapab anpeche ou refè tès, ekonomize tan, lajan epi gen trankilite tou. Dènye pwogrè nan kesyon teknoloji ki genyen aktyèlman yo pèmèt pou fè echanj anliy san danje epi an sekirite nan enfòmasyon medikal enpòtan yo ki soti nan men yon pwofesyonèl swen sante ale nan men yon lòt atravè rezo Echanj Enfòmasyon sou Sante (Health Information Exchange, HIE). Depatman Sante an ansanm ak Depatman Sèvis Sante Konte yo ap patisipe nan yon rezo HIE, epitou ap patisipe nan plizyè rezo HIE ki gen pwofesyonèl swen sante ekstèn ki fyab epi ki genyen sistèm achiv medikal anliy. HIE an bay pwofesyonèl swen sante yo posibilite pou yo pataje byen rapid epi an sekirite enfòmasyon sou sante ou yo anliy bay yon rezo pwofesyonèl swen sante, tankou doktè, lopital, laboratwa ak famasi yo. Yo transmèt enfòmasyon sou sante ou yo nan yon fason ki gen sekirite epi se sèlman pwofesyonèl swen sante ki otorize ki gen yon bon rezon k ap gen aksè ak enfòmasyon ou yo. Lè y ap pataje enfòmasyon yo anliy atravè yon sistèm sekirize, risk pou yo mal itilize oswa pèdi papye oswa achiv ki fakse yo minim anpil.

Se si w vle patisipe nan HIE pou w patisipe.

*Chwa 1: Wi pou Patisipe nan HIE.* Si ou dakò pou yo pataje enfòmasyon medikal ou yo atravè HIE epi ou genyen yon fòm Demann Sèvis ak konsantman pou benefisye tretman yo kòmanse bay deja, ou pa gen anyen pou fè. Lè w siyen fòm lan, ou ba nou otorizasyon pou nou pataje enfòmasyon sou sante ou bay HIE.

*Chwa 2. Non pou HIE.* Ou kapab chwazi pou yo pa pataje enfòmasyon ou yo anliy atravè rezo HIE an ("dezenskri") nenpòt moman, pandan w ap ranpli fòm "Dezenskripsyon nan Echanj Enfòmasyon Sante" ki disponib bab Depatman Sante Konte a Si ou deside dezenskri nan HIE, pwofesyonèl swen sante yo p ap gen posibilite pou rantre nan enfòmasyon sou sante ou nan HIE. Ou dwe konnen si ou dezenskri, pwofesyonèl swen sante k ap fè tretman pou ou yo ap toujou genyen pèmasyon pou kontakte nou epi mande nou pataje enfòmasyon sou sante ou ansanm ak yo jan sa di nan Avi sa a. Menm si w dezenskri, sa pa anpeche pou yo pataje enfòmasyon yo ansanm ak manm ekip tretman ou an. Tanpri sonje, dezenskripsyon ou an p ap afekte enfòmasyon sou sante ou yo te deja devwale atravè HIE avan peryòd tan ou te chwazi dezenskri a.

*Chwa 3: Ou ka chanje lide ou nenpòt kilè.*

Jodia ou kapab konsantman ou pou yo pataje enfòmasyon ou yo nan HIE apres a ou chanje lide ou pandan ou ap swiv enstriksyon ki nan fòm dezenskripsyon yo te dekri nan seksyon Chwa 2 an.

Ou kapab fin dezenskri nan HIE jodiya epi w chanje lide ou pandan w ap soumèt Fòm Reyentegrasyon pou Patisipe nan HIE Depatman Sante (DOH) an.

## SENKWONIZASYON DOSYE SANTE PÈSONÈL (PERSONAL HEALTH RECORDS, PHR) YO ANSANM AK DONE ITILIZATÈ YO NAN APLIKASYON MOBIL LAN

Nan kad sèvis Depatman Sante a bay yo, ou kapab telechaje aplikasyon mobil PHR lan pou w kapab jwenn aksè nan dosye sante pèsonèl ou yo. Aplikasyon sa a se vèsyon mobil pòtay Florida Health Connect lan.

Objektif aplikasyon mobil PHR lan se pou fè ou jwenn aksè nan enfòmasyon sante ou yo apati aparèy mobil ou an, nenpòt kote ou ye nenpòt kilè. Ou pral genyen posibilite pou senkwonize kont Florida Health Connect ou an sou aplikasyon mobil lan ansanm ak done sante pèsonèl ou yo ki anrejistre sou aparèy mobil ou an (Google Fit oswa Apple Health) ki pou ba ou yon apèsi a 360 degre sou antedan ak eta sante aktyèl ou. Pou nou ka ba ou yon apèsi konplè sou done ak eta sante ou, ou pral genyen posibilite pou senkwonize kont Florida Health Connect ou an sou aplikasyon mobil lan ansanm ak done sante pèsonèl ou yo ki anrejistre sou aparèy mobil ou an.

Yo pa pral devwale done Google Fit oswa Apple Health yo bay lòt moun san w pa bay otorizasyon ou alekri.

## FONKSYON DEPATMAN SANTE

Lalwa fè Depatman Sante a obligasyon pou l kenbe konfidansyalite enfòmasyon medikal pwoteje ou yo. Avi konsènan Pratik Konfidansyalite sa a ap di ou kijan yo ka itilize enfòmasyon medikal pwoteje ou yo ak fason depatman an kenbe enfòmasyon ou yo prive ak konfidansyèl. Avi sa a eksplike obligasyon legal ak pratik ki gen rapò ak enfòmasyon medikal pwoteje ou yo. Depatman an gen responsablite pou enfòmasyon apre vyolasyon enfòmasyon medikal ou ki pa sekirize.

Nan kad obligasyon legal depatman, li dwe ba ou Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a. Depatman an gen obligasyon swiv kondisyon Avi sou Pratik Konfidansyalite ki anplas aktyèlman,

Depatman Sante a kapab chanje tèm avi a. Si chanjman an fèt, l ap aplike pou tout enfòmasyon medikal pwoteje li gen ladan l. Yo pral afiche avi sou pratik konfidansyalite ki nouvo oswa ki revize yo sou sitwèb Depatman Sante an nan <http://www.floridahealth.gov/about-the-department-of-health/about-us/patient-rights-and-safety/hipaa/index.html> epi pral disponib nan imèl ak nan tout bilding Sante yo. Gen lòt dokiman disponib tou ki bay plis eksplikasyon sou dwa ou pou enspekte, kopye epi amande enfòmasyon medikal pwoteje ou yo.

#### PLENT

Si ou estime yo vyole dwa konfidansyalite enfòmasyon medikal ou, ou ka pa fè plent lan bay: Enspektè Jeneral Depatman Sante a nan adrès sa a: Department of Health's Inspector General 4052 Bald Cypress Way, BIN A03/ Tallahassee, FL 32399-1704/ telefòn 850-245-4141 ak Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini an nan: Secretary of the Department of Health and Human Services 200 Independence Avenue, S.W./ Washington, D.C. 20201/ telefòn 202-619-0257 oswa rele gratis nan 877-696-6775.

Plent lan dwe fèt alekri, li dwe dekri aksyon oswa, omisyon ou estime ki vyole dwa konfidansyalite w yo, epi li fèt nan delè 180 jou apati lè ou te konnen oswa ta dwe konnen aksyon an oswa omisyon te fèt la. Depatman Sante a p ap reyaji kont ou poutèt ou te pote plent.

#### POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

Ou kapab adrese w ak moun ki te ba ou a avi sa a, direktè oswa administratè etablisman Depatman Sante kote ou te resevwa avi a pou mande plis enfòmasyon konsènan bagay avi sa a anglobe, oswa Enspektè Jeneral Depatman Sante a nan Department of Health's Inspector General 4052 Bald Cypress Way, BIN A03/ Tallahassee, FL 32399-1704/ telefòn 850-245-4141.

#### DAT MIZANPLAS

Avi sou Pratik Konfidansyalite a ap vin anplas apati 21 fevriye 2022, epi l ap rete anplas jiskaske yo apwouve ak afiche yon nouvo Avi sou Pratik Konfidansyalite.

#### REFERANS

“Standards for the Privacy of Individually Identifiable Health Information; Final Rule.” 45 CFR Pati 160 rive 164. *Federal Register* 65, no. 250 (28 Desanm 2000).

“Standards for the Privacy of Individually Identifiable Health Information; Final Rule” 45 CFR Pati 160 rive 164. *Rejis Federal la*, Volim 67 (14 Out 2002).

HHS, Modifikasyon nan Konfidansyalite HIPAA, Sekirite, Aplikasyon, ak Règleman Notifikasyon konsènan Vyolasyon selon Lwa Teknoloji Enfòmasyon Medikal pou Ekonomi ak Sante Klinik la ak Lwa sou Enfòmasyon Jenerik ak pou Pa Fè Diskriminasyon an, Lòt Modifikasyon nan Règleman HIPAA yo, 78 Fed. Rejis 5566 (25 Janvyè 2013).